# InfoVIHtal

INFORMACIÓN BÁSICA SOBRE EL VIH

165

ATOUM 2020 WOLOF


Diangoroyes coronavirus bolé wounou ko si khétous diangoroye séy. Lolou takhna amna sola bayi khéle si yénes diare diare si walanté diangoro coronavirus SARS-CoV-2 ndakhe nga meuna dounde bou bakhe si ninga ko beugué say séyes.

# LAGNES AK TONTOUS SI SEY AK **COVID-19**




## 01 LANE MOY COVID-19

Diangoro coronavirus SARS-CoV-2 khétou coronavirus bou bess la, nit gni danou koy ame, mou diokhléne fébar bou toudou COVID-19. Nimouye fégné li chi guena féss, moye yarame bou tangue, seukhate ak mélni dangaye niak ngalaw. Amna ayes yones tamite, meuna fégne si ayes metitou birres wala birre bouye daw wala ngaye niak jétte si sa bakane. Si yones you beurri, meune nga ame ferba bi te doko yégue bou bakhe wala ni mouye fégné daye oyaff. Si yones yi mouye euppé dayo, domou diangoro dji meuneula diokh neumonie, wala ayes diafé diafés you tare si noyi, meuna takhe sa rien yi douno dokhe bou bakhe beu meuna indi fat sa bakane. Yone you doye war yoyou, mingui euppé si nit gni bok si ayes mbotayes you néw dolé.

## 02 NANE LANOU KOYE WALANTÉ?

Domou diangoro dji danou koye walanté si ngalawe, boudé teuflitou nit kou amé diangorodji wala ayes tisseutémes bou tissolé wala mou seukheute noyi ngako. Doléye walanté bi migui tolou si limou domou diangoro dji nimou tolou si sa noyékaye. Teuflite yoyou wala tisseuti yoyou, gnoye takhe nit waleu ko béne nit bou dougué si bakaname, si ayes beutteumes wala si guémégneume.Néuw na toroppe walanté ame si boudé amna appe diguénta ayes nites 1 – 2 métare. Di chi yoke ndokhes yoyou bou dano si kaw féne, boko lalé ak sa lokho, nga dioguecha lale sayes beuttes, sa bakane wala sa guéméye meune nanou la wale diangoro dji.

## 03 MEUNA NOU KO WALANTÉ SI YONOU SÉY?

Bou topé li diogué si Mbotayou Adouna biye khalate si Wergu Yarame (OMS), diagoroyes coronavirus, bolé wougnou ko sigue khétou diangoro gni gnouye walanté si yonou séy. Di fatalékou, lék né khama gounou ak lou wér bachi bir, domou diangoro djou bess djodjou di SARS-CoV-2. Amna sola bagni khéle que migui si teuflite ak si ayes guinaw keur té tamite meunanou ko walanté si ayes yonou séys yo khamné dinga lalaneté ayes ndokhes (khol léne lagne 5) Fi gnou tolou, guissa gounou domou coronavirus bou bess bi si ndokhou gor wala si ndokhou djiguéne.

## 04 MEUNE NGA SEY AK BÉNE NITES ?

Si diamonoye sorénеté yi di andeu ak tok si keur gui gnou tolou si population bi, yawe yake sa ki nga nékale si yonou séy. Di mbanlou, (masturbation) guisse nanou né meunoune sé walanté diangoro COVID-19, bogni yoké rakhasse saye lokho (ak sayes fowékayou séy) al ndokhe ak sabou si dirou 20 secondes bala ngaye mbanlou wala sa bo paré. Boudé dangua deuk ak sa diabare, meune guéne di continuer di séy dieule séni matouwayes si thiéte come niguéne ko dane défé.


grupo de trabajo sobre tratamientos del VIH
ENTIDAD DECLARADA DE UTILIDAD PÚBLICA
ONG DE DESARROLLO

SUBVENCIONA

GOBIERNO DE ESPAÑA — MINISTERIO DE SANIDAD, CONSUMO Y BIENESTAR SOCIAL
POR SOLIDARIDAD OTROS FINES DE INTERÉS SOCIAL

MINISTERIO DE SANIDAD — SECRETARÍA DE ESTADO DE SANIDAD — DIRECCIÓN GENERAL DE SALUD PÚBLICA — SECRETARÍA DEL PLAN NACIONAL SOBRE EL SIDA

Generalitat de Catalunya
Agència de Salut Pública de Catalunya

Generalitat de Catalunya
Departament de Justícia

Ajuntament de Barcelona
ÀREA DE QUALITAT DE VIDA, IGUALTAT I ESPORTS

Diputació Barcelona
ÀREA DE BENESTAR SOCIAL

COLABORA

ETIS
EQUIP DE TREBALL SOBRE IMMIGRACIÓ I SALUT

Vall d'Hebron Barcelona Campus Hospitalari
eSPiC Equip de salut pública i comunitària



¿TIENES DUDAS SOBRE EL TEMA? PREGÚNTANOS

**Tel. 93 458 26 41**
**consultas@gtt-vih.org**


**¡POR FAVOR FOTOCÓPIALO Y HAZLO CIRCULAR!**

Name pour nite you beurri, lolou meuna méti torrope, diléne digueule di moytou boujanté ak khate khate, dichi bolé moytou di séy ak nit kou nék sirtout kou deukoule sa keur. Boudé meuno bagna séy ak bénéne nit, fékhéle ba mou nék lime bou touti si ayes nites. Boudés ndanga tameu di séy ak ayes nites yo khamé si ayes apps internet yoyes woutes ko teudeule, meune nga khalate nopalikou si diamonoye tok keur wala soréneté. Lolou gnouye wowé sexting, té mouye woté si téléphone di guiss kingaye wakhale meuna nék dimbeule ndakhe meuna mbanlou bo sorré.

Boudé ndagaye déf lo lou toudou chemsex, dina ame sola nga khame yedaguin yi keurgui di Energy Control défare pour wagni riski yi si walanté domou diangoro SARS-CoV-2 si nit gni nga khamné danouye bolé drogue ak séy. Meunga khame linouye wakhe si link internet bi si souf.

https://www.chem-safe.org/chemsex-fiestas-y-drogas-en-tiempos-de-coronavirus/

05

## YANES NDINGLAYES LA WALA BAYI KHÉLE BOUMAYE SÉY?

Fi gnou toulou, khamnanou né diangoro coronavirus SARS-CoV-2 mingui si finouye noyé ak si guinaw keur. Bo beugué séy amna sola bayi si khéle si yi digteule:

- Fonanté meunanou chi walanté SARS-CoV-2. Déle moytou fonanté ko khamné bokoule si mbotaye bou touty bi nék ak yaw wala deuk ak yaw.
- Dieu dieuf bobou toudou rimming (di séy ak mathi fi gnouye démé guinaw keur), meuna diokhé SARS-CoV-2. Ndakhe domou diangor dji nékena si ayes guinaw keur, té meuna dougue si yarame diar si sa guéméye.
- Di dieufeudinko khawasse wala mbousse bo chiye tafe (dental dam) dina takhe nga moytou sa guémeuye lal guinaw keur boy mathi awra si yonou sey yi
- Sangou ba séte bala nga séy wala bo séyé ba paré, diamono dji amna sola torrape. Amna sola tamite di rakhase bou bakhe sayes lokhos ak ndokhe ak sabou boutouté ba touti 20 secondes ak rakhasse sa fowékhayou séy ak ndokhe mou tangue ak sabou.
- Di fonppou bou bakhe sa clavier wala sa écran tactiles bi ngaye bok ak yénéni nites ( boy sétane video d'appele, wala porno wala lou mou mana done), matouwaye pour mouche si walanté domou diangoro dji

06

## BOUDÉ KIMA NÉKALE WALA MANE ANDOUGNOU AK WÉRGU YARAM, MEUNANO SÉY?

Gni gui léne di digueule guéne moytou di séy, sirtout fonanté, boudé meunguéne khalate né kéne meuna thié ame domou diangoro coronavirus SARS-CoV-2. Di fateuli né, boye yégue né sa yarame daye méti, meuna ames ayes firdéles you mélni yarame bou tangue, di seukheute, métite si birre batte wala diafé diafé boye noyi. Di chi tégue boudé yéne niarre daguéna ames ayes diangoros you fa ditouwone, lo lou meuna takhe diangoro COVID-19 euppe dayo.boko amé, meune guéne bagna séy wanté di déff ayes fo youye tangales séne yarame té dinaléne dimbeulé ba doléne walanté. Si bir diangoro yi meuna takhe mou doye war, yi gno chi guena féss, hypentension arteriel, diabetes, diangoro cardio vasculaire, diangoro ayes poumons, cancer ak gni nga khamné séne yarame amoul diambar yi koy takhawou bou domou diangoro dougué si yaramame.

07

## LANE NGA WARA YOKA BAYI KHÉLE BO BEUGUÉ SÉY?

Ware nga yoré ayes dioumtouwayes you beuri youlaye meuna dimbeuli pour mouche si diangoro VIH lo mélni dieufeudinko ayes kawasses boye séy, garrabes yi nga meuna dieule bala nga séy wala bo séyé ba paré pour khékhe domou diangor dji, wala khame ndakhe ki ngaye séyale dieuleneu ayes garrabames ba toleu si dir bi nga khamné domou diangoro dji dou fégne. Di chi yok di dieufeudinko kawasses dina mouthieule si yénénis diangoroyes séy. Di chi yok tamite pour djiguéne yi, meunanou chi bolé di dieule ayes domou garrabes you meuna takhe gnou mouche si eumbe si diamonoye togue bi gnou tolou.

08

## BOUDÉ DAMA AME DIAFÉ DIAFÉ SI YONOU SÉY, NGAKHE MEUNANOU MA GUISSE SI LOU GAW KEUR DOCTOR?

Ak diangoro dji di COVID-19 gnouye khékhe, takhe na keur doctor yeupe dano thioppy nignou dane guissé gni yitéwone bérrépe yoyou indi ayes diares diares you bésse leupe si bire ares gniyes wouti walou fofouba donou fa dieulé moussibeu. Lolou takhe, tioppékou yoyou, bolé nanou chi di woté si téléphone wala nga dougou internet dadi diankonté ak gnome. Lolou bok si bire diangoroye séy ITS, keuri doctor you beurri dano ndakhe séni visite ba yénéni diamono, wanté takhoule boudé da nga sokhla gnou guisse la si lou meunoule khare, meunanou la guisse pour khole diangoro séy ITS bobou. Amna sola torrope khamné bala nga déme si keur doctor bobou, war nga woté si téléphone khamal léne né pou diangoroye séy la ITS bala nga déme fofou.

¿TIENES DUDAS SOBRE EL TEMA? PREGÚNTANOS
**Tel. 93 458 26 41**
**consultas@gtt-vih.org**

**¡POR FAVOR FOTOCÓPIALO Y HAZLO CIRCULAR!**

InfoVIHtal
INFORMACIÓN BÁSICA SOBRE EL VIH

LAGNES AK TONTOUS
SI SEY AK **COVID-19**

## TÉLÉPHONE BO DOULE FAYE DARA POUR DIOTE AYES KHIBARES SI COVID-19

| | |
|---|---|
| Andalousie | 900 400 061 / 955 545 060 |
| Aragon | 976 696 382 |
| Asturias | 984 100 400 / 900 878 232 / 112 + 1 |
| Cantabrie | 900 612 112 |
| Castilla La Mancha | 900 122 112 |
| Castilla y León | 900 222 000 |
| Cataluña | 061 |
| Ceuta | 900 720 692 |
| C. Madrid | 900 102 112 |
| C. Valencienne | 900 300 555 |
| Extremadure | 900 222 012 |
| Galice | 900 400 116 |
| Iles Baleares | 902 079 079 / 971 437 079 |
| Iles Canaries | 900 112 061 |
| La Rioja | 941 298 333 |
| Melilla | 112 |
| Murcia | 900 121 212 |
| Navarra | 948 290 290 |
| Pays Basques | 900 203 050 |

**Fimou diogué:** Si Keur guiye Saytou Mbiroume Wérgou Yaram bou deuque bi di New York. Gnou toudé ko Séy ak Wérgu yaram si diangor dji di COVID-19.

¿TIENES DUDAS SOBRE EL TEMA? PREGÚNTANOS
**Tel. 93 458 26 41**
**consultas@gtt-vih.org**

**¡POR FAVOR FOTOCÓPIALO Y HAZLO CIRCULAR!**